# Жоқарғы Кеңес ҳаққында

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Жоқарғы Кеңеси жоқары мәмлекетлик ўәкиллик уйымы болып, нызам шығарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады.

Жоқарғы Кеңес — бир палаталы уйым, алпыс бес депутаттан ибарат.

Жоқарғы Кеңестиң алпыс бес депутаты бир мандатлы сайлаў округлары бойынша көппартиялық тийкарында улыўма, тең ҳәм туўрыдан-туўры сайлаў ҳуқықы тийкарында жасырын даўыс бериў жолы менен сайланады.

Жоқарғы Кеңес жумысының турақлылығы ҳәм нәтийжелилиги Жоқарғы Кеңес сессиясы, Президиумы, комитетлери, комиссиялары ҳәм депутатларының жумысы менен тәмийинленеди.

Жоқарғы Кеңестиң жумыс тәртиби Карақалпақстан Республикасы Конституциясы, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамы ҳәм басқа нызамлар менен белгиленеди.

Жоқарғы Кеңеске сайлаў өткериў тәртиби Қарақалпақстан Республикасының “Сайлаў ҳаққында”ғы  Нызамы ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлери менен белгиленеди.

Жоқарғы Кеңестиң ўәкиллик мүддети бес жыл.

Өз ўәкиллик мүддети питкеннен соң Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жаңа шақырық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң жумысы басланғанға шекем өз жумысын даўам етеди.

Жоқарғы Кеңестиң айрықша ўәкилликлери төмендегилерден ибарат:

— Қарақалпақстан Республикасы Конституциясын қабыл етиў, оған өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў;

– Қарақалпақстан Республикасы нызамларын қабыл етиў, оларға өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў, Қарақалпақстан Республикасы Нызамларына түсиник бериў;

– экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўдың келешекке мөлшерленген бағдарламаларын қабыл етиў;

– Жоқарғы Кеңес Президиумын, комитетлер ҳәм комиссияларын дүзиў;

– Жоқарғы Кеңес Баслығын ҳәм оның орынбасарын, комитетлер ҳәм комиссиялардың баслықларын сайлаў;

– Жоқарғы Кеңес Баслығының Өзбекстан Республикасы Президенти менен келисилген Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы кандидатурасын тастыйықлаў ҳаққындағы усынысына муўапық Министрлер Кеңеси Баслығын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў;

– Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары ҳәм Министрлер Кеңесиниң ағзаларын лаўазымына тайынлаў ҳәм босатыў;

– Қарақалпақстан Республикасы министрликлерин, мәмлекетлик комитетлерин ҳәм басқа мәмлекетлик басқарыў уйымларын дүзиў ҳәм сапластырыў;

– Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық бақлаў комитетин сайлаў;

– Қарақалпақстан Республикасы судыны□ баслығы ҳәм баслықтың орынбасарлары, Қарақалпақстан Республикасы ҳәкимшилик суды баслығы ҳәм орынбасары лаўазымларына сайлаў;

– Қарақалпақстан Республикасы судының судьяларын, Қарақалпақстан Республикасы ҳәкимшилик судының судьяларын ҳәмде пуқаралық ислери бойынша районлараралық ҳәм районлық судлары, жынаят ислери бойынша районлық ҳәм қалалық судлары, районлараралық экономикалық судлары, районлараралық ҳәкимшилик судлары баслықлары, орынбасарлары ҳәм судьяларын тайынлаў;

— Қарақалпақстан Республикасы судының баслығын ҳәм баслықтың орынбасарларын, Қарақалпақстан Республикасы ҳәкимшилик судының баслығы ҳәм баслығыны□ орынбасарын, судьяларын лаўазымынан босатыў;

— Жоқарғы Кеңес Президиумының усынысына муўапық Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының келисими менен Қарақалпақстан Республикасы Прокурорын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў;

— Қарақалпақстан Республикасы Экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў комитетиниң баслығын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў;

— халық депутатлары жергиликли Кеңеслериниң қарарларын тоқтатып қойыў ҳәм бийкарлаў;

— районлар, қалаларды шөлкемлестириў, сапластырыў, олардын атамаларын ҳәм шегараларын өзгертиў ҳаққындағы мәселелерди көрип шығыў;

— республикалық ҳәм жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасын ҳәм ўәкилликлерин белгилеў;

— Министрлер Кеңесиниң структурасы, оның хызметкерлериниң штатлары ҳәм мийнетке ҳақы төлеў фондын тастыйықлаў;

— жергиликли салықлар ҳәм басқа да мәжбүрий төлемлердиң ставкаларын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген муғдарлар шеңберинде белгилеў;

— Министрлер Кеңесиниң усынысына муўапық Қарақалпақстан Республикасы бюджетин қабыллаў ҳәм оның орынланыўы ҳаққында есабатларын тастыйықлаў;

— Қарақалпақстан Республикасы бюджетиниң қәрежетлерине өзгерислер киргизиў;

— республиканың социаллық-экономикалық жақтан раўажланыўының ең зәрүр ҳәм әҳмийетли мәселелери бойынша Министрлер Кеңеси Баслығының есабатын тыңлаў ҳәм додалаў;

– ҳүкимет ағзаларының өз жумысына байланыслы мәселелер бойынша мәлимлемесин тыңлаў;

– Район, қала ҳәкимлериниң тийисли аймақты раўажландырыў мәселелери бойынша есабатларын тыңлаўы мүмкин;

– Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик сыйлықлары ҳәм ҳүрметли атақларын шөлкемлестириў;

– Жоқарғы Кеңес ҳәм жергиликли ўәкилликли уйымларға сайлаўлар тайынлаў, Орайлық сайлаў комиссиясын дүзиў;

– Өзбекстан Республикасының жоқары мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары ҳүжжетлериниң Өзбекстан Республикасы Конституциясына муўапықлығы ҳаққында Өзбекстан Республикасы Конституциялық судына усынıслар киргизиў;

– депутатты қол қатылмаслық ҳуқықынан айырыў ҳаққындағы мәселелерди қарап шығыў;

– пуқаралар жыйынлары баслықлары (ақсақаллары) сайлаўын шөлкемлестириў;

– Қарақалпақстан Республикасы Прокурорының, Қарақалпақстан Республикасы Экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў комитети баслығының, Өзбекстан Республикасы Орайлық банки Қарақалпақстан Республикасы Бас басқармасы баслығының есабатларын тыңлаў;

– Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси бир жылда кеминде бир мәрте өз сессияларында Қарақалпақстан Республикасы суды баслығыны ҳәм Қарақалпақстан Республикасы ҳәкимшилик суды баслығының пуқаралар ҳуқықларын ҳәм еркинликлерин, соның менен бирге кәрханалар, мәкемелер ҳәм шөлкемлердиң ҳуқықлары ҳәмде нызам менен қорғалатуғын мәплерин суд жолы менен қорғаўды әмелге асырыўға байланыслы жумыслары ҳаққында мәлимлемесин тыңлайды. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси усы мәселе бойынша қабыл етилген қарарды Өзбекстан Республикасы Судьялар жоқарғы кеңесине жибереди;

— Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министри ҳәр ярым жыллық жуўмақлары бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине орынлардағы норма дөретиўшилиги жумыслары ҳәмде ҳуқықты қолланыў әмелиятының жағдайлары ҳаққында мәлимлеме киритеди.

Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министриниң мәлимлемесин тыңлаў жуўмақлары бойынша тийисли қарар қабыл етилип, қарар Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигине жибериледи;

— парламент қадағалаўын әмелге асырыў;

— Жоқарғы Кеңес Регламентин ҳәмде өз жумысын шөлкемлестириў, Жоқарғы Кеңестиң ишки тәртип қағыйдалары менен байланыслы мәселелер бойынша басқа шешимлерди қабыл етиў.

Лаўазымлы шахсларды Жоқарғы Кеңес тәрепинен сайлаў, тайынлаў ҳәмде оларды лаўазымнан босатыў тәртиби Жоқарғы Кеңес Регламентинде белгиленеди.

Жоқарғы Кеңес жумысының шөлкемлестириў формасы оның сессиясы болып есапланады.

Жоқарғы Кеңес сессиясы зәрүрликке қарап, бирақ жылына кеминде еки мәрте өткериледи.

Жоқарғы Кеңестиң гезексиз сессия мәжилиси Жоқарғы Кеңестиң Баслығының усынысы ямаса депутатлардың улыўма санының кеминде үштен бир бөлегиниң усынысына муўапық шақырылыўы мүмкин.

Жоқарғы Кеңес сессияларында Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, Қарақалпақстан Республикасы нызамлары, оларға өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққындағы нызамлар ҳәмде Жоқарғы Кеңес қарарлары қабыл етиледи.

Жоқарғы Кеңес ҳәм оның уйымлары мәжилислеринде Өзбекстан Республикасы Президенти, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси палаталарының Баслықлары ҳәм орынбасарлары, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы ҳәм оның орынбасарлары, Қарақалпақстан Республикасының министрлери,

мәмлекетлик комитетлериниң баслықлары, басқа мәмлекетлик басқарыў уйымларының басшылары ҳәм Конституциялық бақлаў комитетиниң баслығы, орынбасары ҳәм ағзалары, Қарақалпақстан Республикасы судының баслығы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы ҳәкимшилик судының баслығы, Қарақалпақстан Республикасы Прокуроры қатнасыўы мүмкин.

Жоқарғы Кеңес сессиясына мәмлекетлик уйымлар ҳәм мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң, илимий мәкемелердиң ўәкиллери, кәнигелер ҳәм илимпазлар, баспасөз уйымларының, телевидение, радио ҳәм басқа да ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери шақырылыўы мүмкин.

Жоқарғы Кеңес сессиялары ашық ҳәм жәриялы өткериледи. Зәрүр болғанда, Жоқарғы Кеңес сессия мәжилисин жабық түрде өткериў ҳаққында қарар қабыл етиўи мүмкин.

Жоқарғы Кеңес сессияларын шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби Жоқарғы Кеңес Регламентинде белгиленеди.

Жоқарғы Кеңестиң жумысын нәтийжели шөлкемлестириў мақсетинде Жоқарғы Кеңес Президиумы дүзиледи.

Жоқарғы Кеңес Президиумы сессиялар аралығында зәрүрлигине қарап айына бир мәрте шақырылады.

Жоқарғы Кеңес Президиумының қурамына Жоқарғы Кеңес Баслығы, оның орынбасары, комитетлер ҳәм де комиссиялардың баслықлары, Жоқарғы Кеңестеги депутатлық фракциялардың баслықлары киреди.

Жоқарғы Кеңес Президиумы өз ўәкиллигине киретуғын мәселелер бойынша ағзаларының улыўма санының көпшилик даўысы менен қарарлар қабыл етеди.

Жоқарғы Кеңес, оның уйымлары ҳәм депутатлар жумысының шөлкемлестириўшилик, мәлимлеме, материаллық-техникалық тәмийинлениўи Жоқарғы Кеңес Аппараты тәрепинен әмелге асырылады.

Жоқарғы Кеңес Аппараты дүзилмеси, штатлары, ҳызметкерлериниң

мийнет ҳақы муғдары ҳәм материаллық-техникалық тәмийинлениўи, сондай-ақ олардың жумыс ислеўи ушын зәрүр қәрежетлер Жоқарғы Кеңес Баслығы тәрепинен тастыйықланады.

Жоқарғы Кеңес Аппараты хызметкерлериниң мийнет қатнасықлары Жоқарғы Кеңестиң ўәкилликли мүддетине байланыслы болмайды.

Жоқарғы Кеңес Аппараты юридикалық шахс болып есапланады.

Жоқарғы Кеңес Аппаратының шөлкемлестирилиўи ҳәм жумыс тәртиби Жоқарғы Кеңес Баслығы тәрепинен тастыйықланған Режеде белгиленеди.